



Sa Ki nan Dokiman an

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) 3
Enfòmasyon Jeneral sou Child Care Deserts 3
Kisa "child care deserts" yo ye? 3
Ki objektif sibvansyon Invest in NY - Child Care Deserts genyen? 3
Kikote finansman yo sòti? 3
Kijan pwogram sibvansyon sa ap ede abitan New York yo? 3
Ki kantite timoun ki ap benefisye sèvis sibvansyon sa yo? 3
Kesyon sou Kalifikasyon pou Sibvansyon & Aplikasyon yo 3
Kiyès ki kalifye pou sibvansyon Invest in NY - Child Care Deserts lan epi ki kantite ki disponib? 3
Kilè sibvansyon pou pwogram aktyèl ki ap chèche devlope ak lisans aktyèl yo an ap disponib? 3
Kisa yo kapab fè ak fon yo? 4
Kilè peryòd aplikasyon an ap ouvè? 4
Èske se moun ki vin an premye an y ap sèvi an premye oswa se sou baz konpetisyon sibvansyon an ye? 4
Kisa mwen ta dwe fè si mwen vle aplike pou sibvansyon an? 4
Ki demach mwen dwe fè? 5
Ki lang ki disponib pou ranpli aplikasyon an? 5
Kibò mwen ka ale pou jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon pou sibvansyon an? 5
Mwen se reprezantan yon gadri ki egziste. Èske mwen kalifye pou sibvansyon sa? 6
Mwen genyen yon pwogram pou aprè lekòl m ap dirije epi nou menm ann pwogram sa n ap planifye ajoute yon pati pou preskolè ladan li. Èske pwogram preskolè an ap kalifye pou sibvansyon sa? 6
Mwen se yon founisè sèvis aktyèl epi mwen genyen kesyon sou kijan mwen kapab agrandi sant mwen an pandan mwen genyen lisans la oswa kesyon sou chanjman metòd fonksyonman m yo. Ki pi bon moun mwen kapab pale sou sa ak li? 6
Èske gen asistans ki disponib pou chwazi yon sant? 6
Lè paj akèy sit entènèt pou sibvansyon an ouvè, konbyen tan mwen ap genyen pou mwen aplike epi kilè mwen ap remake mwen resevwa sibvansyon an? 6
Èske yo peye fon yo tankou se te ranbousman? 6
Kisa k ap rive si mwen pwopoze orè ki pa nòmal epi mwen pa genyen fanmi ki pwofite sèvis sa yo? 6
Mwen te kòmanse pwosesis pou mwen vin gen lisans OCFS la pandan mwa ki sot pase an. Èske y ap toujou konsidere mwen se yon nouvo founisè? 7
Aktyèlman la a, mwen se yon founisè ki otorize legalman. Èske mwen kalifye pou sibvansyon sa? 7
Mwen te rate sesyon enfòmasyon an. Èske gen yon vèsyon anrejistre mwen kapab gade? 7
Konprann Kat Jewografi REDC Child Care Deserts la 7
Kijan mwen kapab konnen si kote m rete an se yon kote ki pa gen gadri pou timoun ladan l? 7
Kijan mwen kapab chèche sou kat la? 7
Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon pou m li kat jewografi REDC Child Care Deserts la? 8
Mwen pa kapab konnen nan ki nivo mwen ye sou kat la lè mwen ekri kòd postal mwen an. Poukisa sa pase konsa? 8
Kisa mwen oblije itilize kat jewografi an pou mwen aplike pou sibvansyon an? 8
Lè yo di pati sid eta an, sa sa vle di? 8
Distribisyon Sibvansyon yo ak Evalyasyon Rezilta yo 9
Mwen te itilize kat jewografi an, epi nòt debaz mwen an se 65. Èske nòt sa ase pou m kapab kalifye pou m kòmanse yon pwogram lakay mwen? 9
Èske sant gadri mwen ap dirije an oblije plase nan espas kote pa gen anpil oswa okenn sèvis gadri pou timoun? 9

Si nòt debaz mwen an rive 50 pwen, èske sa vle di mwen genyen 50% chans pou m benefisye sibvansyon an?9
Mwen ap eseye konprann pwosesis la. Si mwen genyen yon nòt mwayèn ki se anviwon 57 pwen, èske sa vle di mwen pral jwenn yon sibvansyon ki pi gwo?9

Kòmanse ak yon Pwogram Gadri 9

Kijan mwen kapab vin yon founisè sèvis gadri otorize oswa anrejistre nan Eta New York la?.....9
Kikote mwen kapab jwenn asistans si mwen vle kòmanse ak yon pwogram gadri? 10
Ki dat ki prevwa pou nou ouvè aprè yo fin anonse sibvansyon yo? 10
Èske mwen kapab itilize sibvansyon sa pou achte yon nouvo edifis oswa fè gwo reparasyon nan espas mwen deja ap fonksyone an?..... 10
Èske mwen kapab itilize sibvansyon an pou mwen fè rekritman mou pou pèsònèl? 10

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

Enfòmasyon Jeneral sou Child Care Deserts

Kisa “child care deserts” yo ye?	Pwogram Invest in NY Child Care RFA an defini mo “child care deserts” lan tankou se ta yon sektè resansman kote ta gen twa (3) oswa plis timoun ki gen mwens pase senk (5) lane pou chak plas gadri, oswa pa gen plas gadri pou timoun nan sektè resansman an.
Ki objektif sibvansyon Invest in NY - Child Care Deserts genyen?	Gouvènman Eta New York la te dekese \$100 milyon pou konstwi epi ogmante kapasite gadri otorize, ki anrejistre epi ki egziste nan zòn ki gen mwens sèvis yo.
Kikote finansman yo sòti?	Fon pou sibvansyon Invest in NY - Child Care Deserts yo sòti nan konfòmite ak Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) an.
Kijan pwogram sibvansyon sa ap ede abitan New York yo?	Finansman pou kote sa yo ki manke oswa ki pa gen sèvis gadri yo (oswa “Child Care Deserts”) reprezante yon opòtinite ak yon envestisman moun pa t prevwa pou pèmèt yo mete sèvis gadri yo souplas epi ranfòse ekonomi Eta an, nan abòde pwoblèm ki gen yon enpak sou antrepriz yo tankou absans pèmanan, rediksyon nan pwodiktivite ak renouvèlman anplwaye yo poutèt opsyon ki pa adekwa pou sèvis gadri bon kalite nan zòn ki plis bezwen l yo nan Eta an.
Ki kantite timoun ki ap benefisye sèvis sibvansyon sa yo?	Timoun tout laj ki kapab benefisye pwogram gadri otorize/anrejistre/epi ki gen pèmi yo.

Kesyon sou Kalifikasyon pou Sibvansyon & Aplikasyon yo

Kiyès ki kalifye pou sibvansyon Invest in NY - Child Care Deserts lan epi ki kantite ki disponib?	<p>Gouvènman Eta New York la pral distribiye \$70 milyon bay founisè k ap ouvè nouvo sant sèvis gadri otorize/anrejistre/ki gen pèmi yo nan kote ki pa gen sèvis sa nan Eta New York la.</p> <p>Pou konnen si w kalifye, ale li seksyon 3.0 nan RFA an, Egzijans Kalifikasyon Minimòm pou Aplike yo, Egzijans Obligatwa pou benefisye sibvansyon an nan seksyon 7.0 epi seksyon 8.0 an, Egzijans nan kad Pwogram lan ak Fòm yo:</p> <p>Demann Aplikasyon (Request for Application, RFA) pou Invest in NY - Child Care Deserts</p>
Kilè sibvansyon pou pwogram aktyèl ki ap chèche devlope ak lisans aktyèl yo an ap disponib?	Nan mitan ane sa, yo prevwa pibliye posibilite pou gen yon sibvansyon apa pou pwogram ki egziste ki ap chèche devlope yo. Lè sibvansyon sa disponib, yo ap poste l sou sit entènèt OCFS la: https://ocfs.ny.gov/main/contracts/funding/

Kisa yo kapab fè ak fon yo?

Yo kapab itilize fon yo pou depans devlopman pwogram yo, depans fonksyonman a kout tèm yo, depans pou pèsonèl yo, depans fòmasyon ak asistans teknik yo.

Pou plis enfòmasyon sou itilizasyon fon yo, ale li seksyon 2.3 an, ki pale sou Objektif ak Disponibilite Fon yo, Itilizasyon ki Otorize pou Finansman Child Care Deserts la:

[Demann Aplikasyon \(Request for Application, RFA\) pou Invest in NY - Child Care Deserts](#)

Kilè peryòd aplikasyon an ap ouvè?

Paj akèy aplikasyon an pral ouvè nan dat 11 avril 2022 an epi l pral fèmen nan dat 19 me 2022.

Pou plis enfòmasyon sou demach pou w fè yo anvan w aplike yo, ale li seksyon 5.0 RFA an, ki pale sou Kisa ki anndan Aplikasyon an ak Kijan pou Soumèt Aplikasyon an:

[Demann Aplikasyon \(Request for Application, RFA\) pou Invest in NY - Child Care Deserts](#)

Èske se moun ki vin an premye an y ap sèvi an premye oswa se sou baz konpetisyon sibvansyon an ye?

Sibvansyon an se sou baz konpetisyon y ap bay li. Founisè sèvis ki bezwen jwenn pre-apwobasyon yon pral bezwen jwenn yon lisans otorizasyon, anrejistremant oswa pèmi ki valid anvan sa. Founisè yo pral bezwen ranpli yon aplikasyon anliy pou bay detay sou pwogram yo pwopze an epi sou kijan pwogram sa pral abòde pwoblèm mank sèvis gadri ki nan zòn yo ye an nan Eta an. Y ap bay founisè yo finansman an dapre nòt kalifikasyon yo epi se pa tout aplikan ki apwouve yo ki pral benefisyè finansman an dapre disponibilite yo. Yo ap bay finansman yo dapre rezilta kalifye yo. OCFS pa garanti tout aplikan ki apwouve yo ap jwenn finansman.

Pou plis enfòmasyon, li RFA an:

[Demann Aplikasyon \(Request for Application, RFA\) pou Invest in NY - Child Care Deserts](#)

Kisa mwen ta dwe fè si mwen vle aplike pou sibvansyon an?

Tout moun oswa gwoup moun ki konsène yo dwe fin pase etap Oryantasyon OCFS (OCFS Orientation) lan anvan yo aplike pou opòtinite sibvansyon Invest in NY Child Care la:

[Kijan pou ou kòmanse/ Oryantasyon nan kad Sèvis Gadri](#)

Pou pwogram ki ap aplike pou yo vin yon gadri NYC DOHMH selon Atik 47 la, kandida yo dwe suiv yon seyans oryantasyon anvan yo bay pèmi.

Koche kaz ki toupre “Seyans Oryantasyon pou Gadri an Gwoup ak Kandete”, epi klike sou “Continue (Kontinye)” anba paj la anvan nou aplike pou jwenn yon nouvo pèmi.

Tout moun oswa gwoup moun ki konsène yo dwe fin pase etap Oryantasyon OCFS (OCFS Orientation) lan anvan yo aplike pou opòtinite Sibvansyon Invest in NY Child Care la:

[Kijan pou ou kòmanse/ Oryantasyon nan kad Sèvis Gadri](#)

Après ou fin patisipe nan oryantasyon sa a, ou kapab aplike pou yon lisans/anrejistremant/pèmi pou yon nouvo pwogram gadri pou timoun.

Pou tout demach ki gen pou fèt nan pwosesis aplikasyon pou sibvansyon an, ale li seksyon 5.0 an, ki pale sou Kisa ki anndan Aplikasyon an ak Kijan pou Soumèt Aplikasyon an:

[Demann Aplikasyon \(Request for Application, RFA\) pou Invest in NY - Child Care Deserts](#)

Ki demach mwen dwe fè?

Genyen senk (5) etap nan pwosesis aplikasyon pou sibvansyon an

Etap 1: Revizyon Egzijans pou Jwenn Lisans epi Jwenn Sibvansyon yo

Etap 2: Detèmine Nimewo Idantifikasyon Kontribyab la, Kategori, Non Legal Antrepriz la ak Kategori Antite Komèsyal la

Etap 3: Patisipe nan Sesyon Asistans Teknik yo

Etap 4: Fin Soumèt Aplikasyon pou Sibvansyon an

Etap 5: Fini ak Lisans epi Kontra yo

Pou jwenn yon eksplikasyon an detay sou pwosesis aplikasyon pou sibvansyon an, ale li seksyon 5.0 RFA an, ki pale sou Kisa ki anndan Aplikasyon an ak Kijan pou Soumèt Aplikasyon an:

[Demann Aplikasyon \(Request for Application, RFA\) pou Invest in NY - Child Care Deserts](#)

Ki lang ki disponib pou ranpli aplikasyon an?

Aplikasyon an disponib nan lang Anglè, Panyòl, Chinwa, Ris, Yidich, Bengali, Koreyen, Kreyòl Ayisyen, Fransè, Italyen, Arab, ak Polonè.

Kibò mwen ka ale pou jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon pou sibvansyon an?

Pou plis enfòmasyon sou sibvansyon Invest in NY - Child Care Deserts la, ale sou: <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/deserts>

Oswa ale li RFA an nan:

[Demann Aplikasyon \(Request for Application, RFA\) pou Invest in NY - Child Care Deserts](#)

Epitou, ou kapab poze kesyon w yo sou:

investnychildcare@ocfs.ny.gov

Mwen se reprezantan yon gadri ki egziste. Èske mwen kalifye pou sibvansyon sa?

Pwogram ki ap ogmante kapasite yo pandan y ap kreye yon metòd fonksyonman sipleman oswa ki ap chanje metòd fonksyonman yo genyen kounyea an ap la antanke yon "nouvo pwogram" epi y ap kalifye pou yo aplike. Pa egzanp, yon Gadri Familyal, (Family Daycare, FDC) ki pral vin yon Gadri Familyal An Gwoup (Group Family Daycare, GFDC) ap kalifye pou li aplike. Pwogram oswa founisè ki gen yon otorizasyon nan lane ki vini anvan dat piblikasyon RFA sa a oswa ki gen otorizasyon ki ajou epi ki ap chanje kote yo baze men ki pa, an reyalite, elaji kapasite otorize yo a, **pa** kalifye pou aplike. Si yo mande w pou w aplike pou yon nouvo lisans/pèmi/anrejistremant pou w kapab jere timoun ki nan preskolè, sa kapab rive w kalifye dapre kritè RFA1 an - Invest in NY Child Care Emergency Request for Applications (RFA) for New Programs (Demann Annijans pou Aplikasyon pou Nouvo Pwogram yo nan Invest in NY Child Care).

Mwen genyen yon pwogram pou aprè lekòl m ap dirije epi nou menm ann pwogram sa n ap planifye ajoute yon pati pou preskolè ladan li. Èske pwogram preskolè an ap kalifye pou sibvansyon sa?

Founisè aktyèl ki genyen kesyon konsènan lisans yo genyen kounyea ta dwe kontakte otorite règlemantasyon/lisans yo an.

Mwen se yon founisè sèvis aktyèl epi mwen genyen kesyon sou kijan mwen kapab agrandi sant mwen an pandan mwen genyen lisans la oswa kesyon sou chanjman metòd fonksyonman m yo. Ki pi bon moun mwen kapab pale sou sa ak li?

Èske gen asistans ki disponib pou chwazi yon sant?

Moun oswa antite k ap aplike yo ki bezwen asistans nan egzijans lisans ak chwazi yon sant yo kapab ale nan ajans lokal pou Resous ak Oryantasyon nan zafè Gadri (Child Care Resource and Referral agency, CCR&R) an pou yo jwenn sipò. Gen yon repètwa ajans CCR&R ak enfòmasyon kontak ki disponib nan: <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php>

Lè paj akèy sit entènèt pou sibvansyon an ouvè, konbyen tan mwen ap genyen pou mwen aplike epi kilè mwen ap remake mwen resevwa sibvansyon an?

Peryòd aplikasyon an ap kòmanse nan dat 11 avril 2022 epi li ap fini nan dat 19 me 2022. Dat yo prevwa pou notifikasyon anvan otorizasyon an se ap 15 jen 2022, men pa anvan sa.

Èske yo peye fon yo tankou se te ranbousman?

Se pa yon sibvansyon ki peye tankou se te ranbousman men founisè ki benefisyè l yo ap genyen pou yo kenbe yon rejis sou kijan yo itilize fon yo pou sipòte pwogram gadri yo an. Founisè yo dwe mete disponib yon dosye ekri oswa elektwonik sou tout resi yo si yo ta gen yon odit pou omwen 6 lane aprè peryòd sibvansyon an. Genyen plis enfòmasyon sou kijan founisè yo kapab itilize fon yo nan Atachman 4 sou Invest in NY Child Care Emergency Request for Applications (RFA) for New Programs (Demann Annijans pou Aplikasyon pou Nouvo Pwogram yo nan Invest in NY Child Care) RFA 1 an.

Kisa k ap rive si mwen pwopoze orè ki pa nòmal epi mwen pa genyen fanmi ki pwofite sèvis sa yo?

Pou w kapab resevwa bonis la, dwe genyen espas ki disponib pou orè ki pa nòmal yo, epi pwogram lan dwe ouvè, kèlkeswa kantite moun ki patisipe ladan l, jan sa te di nan egzijans pou sibvansyon yo.

Epitou, pwogram lan dwe louvri epi li ap fonksyone avèk pousantaj pèsònèl ki obligatwa a pou li vini ak orè ki pa nòminal yo nan kantite plas yo endike nan aplikasyon an.

Mwen te kòmanse pwosesis pou mwen vin gen lisans OCFS la pandan mwa ki sot pase an. Èske y ap toujou konsidere mwen se yon nouvo founisè?

Founisè ki nan pwosesis pou yo aplike pou yon lisans yo ap kalifye toutotan yo pa jwenn yon lisans anvan dat 28 janvyè 2022. Si yo rive jwenn lisans lan, y ap kapab itilize fon pou zòn ki pa gen anpil oswa okenn sèvis gadri yo nan depans ki kalifye depi nan dat demann lan te depoze an sèlman.

Akyèlman la a, mwen se yon founisè ki otorize legalman. Èske mwen kalifye pou sibvansyon sa?

Pwogram ki otorize legalman ki pral vin gen lisans oswa anrejistre yo kalifye pou yo aplike.

Mwen te rate sesyon enfòmasyon an. Èske gen yon vèsyon anrejistre mwen kapab gade?

Ou kapab jwenn anrejistreman, prezantasyon dyapozitiv ak tèks transkripsyon pou sesyon enfòmasyon piblik konsènan Invest in NY Child Care Emergency Request for Applications (RFA) for New Programs (Demann Annijans pou Aplikasyon pou Nouvo Pwogram yo nan Invest in NY Child Care) lan la:

Vèsyon Anglè yo

- [Sesyon Videyo pou 7 Fevriye 2022](#)
- [Prezantasyon Dyapozitiv pou 7 Fevriye 2022](#)
- [Tèks Transkripsyon pou 7 Fevriye 2022](#)

Vèsyon Panyòl yo

- [Sesyon Videyo pou 7 Fevriye 2022](#)
- [Prezantasyon Dyapozitiv pou 7 Fevriye 2022](#)
- [Tèks Transkripsyon pou 7 Fevriye 2022](#)

Genyen lòt enfòmasyon ki disponib la:

Konprann Kat Jewografi REDC Child Care Deserts la

Kijan mwen kapab konnen si kote m rete an se yon kote ki pa gen gadri pou timoun ladan l?

Pou w kapab wè ki kote ki pa gen sèvis gadri pou timoun nan Eta New York lan, ale nan Kat Jewografi REDC Child Care Deserts la: https://bit.ly/cc_deserts

Kijan mwen kapab chèche sou kat la?

Ou kapab ekri adrès sant ou an nan espas ki ekri "Find Address or Place (Jwenn adrès oswa lokalizasyon)" an ki nan pati anlè agoch paj la.


To begin, enter an address in the box below

Search for an address or locate on map

Find address or place [magnifying glass icon] [location pin icon]

Show results within (Miles) [0]

Epi tou, ou kapab klike sou imaj New York la epi agrandi nan yon zòn patikilye pou jwenn plis enfòmasyon.



Census Tract ID 512, Kings County, New York City REDC	
Desert Level	7.88 children/slot, Low, 30 points
REDC Desert Level	57% of CTs are deserts, Low, 10 points
Diversity Index	74.2, High, 20 points
Fam <200% Poverty	26.57%, High, 20, points
Estimated Base RFA Score	80 points

Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon pou m li kat jewografi REDC Child Care Deserts la?

Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou kat jewografi REDC Child Care Desert la, ou akpab ale gade gid itilizatè an ak videyo ki la a:

[Gid Itilizasyon Kat Jewografi REDC Child Care Desert la](#)
[Videyo sou kijan pou itilize Kat Jewografi REDC Child Care Desert la](#)

Mwen pa kapab konnen nan ki nivo mwen ye sou kat la lè mwen ekri kòd postal mwen an. Poukisa sa pase konsa?

Nan kèk ka, sa ap mande pou w bay plis prezizyon epi mete tout adrès sant lan. Limit sektè resansman yo pa koresponn ak limit kòd postal yo. Yon sektè resansman kapab gen yon sèl oswa plizyè kòd postal, epi yon kòd postal kapab depase limit sektè resansman yo. Tanpri klike sou lyen ki anba a pou w kapab jwenn plis enstriksyon.

[Gid Itilizasyon Kat Jewografi REDC Child Care Desert la](#)
[Videyo sou kijan pou itilize Kat Jewografi REDC Child Care Desert la](#)

Kisa mwen oblije itilize kat jewografi an pou mwen aplike pou sibvansyon an?

Yon aplikan pa oblije itilize kat jewografi an men OCFS pral itilize l pou detèmine si kote pwogram lan baze an kalifye pou aplike. Yon pwogram ki vle kalifye pou finansman dwe genyen yon minimòm rezilta ki se 30 (san pwen bonis). [Ale gade nan Gid Itilizasyon Kat Jewografi REDC Child Care Desert la pou jwenn plis enstriksyon.](#)

Lè yo di pati sid eta an, sa sa vle di?

Suffolk), ak rejyon Westchester an (Konte Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, ak Westchester). Lè yo di pati sid eta an, yo vle pale tou konsènan rejyon ki anba kontwòl Konsèy Rejyonal Devlopman Ekonomik (Regional Economic Development Council, REDC) ki pi ba yo: Long Island, Mid-Hudson ak New York City)

Distribisyon Sibvansyon yo ak Evalyasyon Rezilta yo

Mwen te itilize kat jewografi an, epi nòt debaz mwen an se 65. Èske nòt sa ase pou m kapab kalifye pou m kòmanse yon pwogram lakay mwen?

Nòt ki pi wo yo nan espas ki manke oswa pa genyen sèvi gadri pou timoun yo gen plis posibilite pou yo kalifye pou finansman. Sepandan, finansman an baze sou yo nòt total pou aplikasyon yo pral konpare ak nòt total lòt aplikasyon ki depoze nan menm REDC ak metòd fonksyonman (sant swen lajounen yo, gadri pou timoun ki gen laj pou lekòl yo, ak gadri ki fèt nan kay yo). Pwogram ki genyen yon minimòm rezilta ki se 30 (san pwen bonis) yo ap kalifye pou aplike. Pou plis enfòmasyon, ale li Seksyon 5.2 ak 6.2 RFA an, ki pale sou Kisa ki anndan Aplikasyon an

Èske sant gadri mwen ap dirije an oblije plase nan espas kote pa gen anpil oswa okenn sèvis gadri pou timoun?

Wi. Yon pwogram ki vle kalifye pou finansman dwe genyen yon minimòm rezilta debaz ki se 30 (san pwen bonis) sa ki fè li dwe plase nan yon kote sou kat la ki ap fè l gen yon nivo ki ap pèmèt li fè kantite pwen sa.

Si nòt debaz mwen an rive 50 pwen, èske sa vle di mwen genyen 50% chans pou m benefisye sibvansyon an?

Non. Pwen nòt debaz ki yo estime sou kat jewografi an pa reprezante pousantaj chans pou yon pwogram benefisye yon sibvansyon. Yo ap bay aplikasyon ki fin fèt yo nòt dapre repons kandida yo bay nan aplikasyon elektwonik yo. Yo ap fè rekòmandasyon sibvansyon yo nan lòd dapre nòt yo pou tout founisè ki kalifye yo sou fon disponib pou chak kategori pwogram ak rejyon REDC. Apre delè pou soumèt aplikasyon an, yo ap klase aplikasyon yo nan lòd pwen mwayèn final (soti nan pi wo rive nan pi ba) nan chak REDC ak metòd fonksyonman. Yo ap bay pwogram yo sibvansyon yo nan lòd pwen yo fè a (soti nan pi wo rive nan pi ba) jiskaske finansman an fini nèt. Yon pwogram ki vle kalifye pou aplike dwe genyen yon minimòm rezilta ki se 30 pwen (san pwen bonis).

Mwen ap eseye konprann pwosesis la. Si mwen genyen yon nòt mwayèn ki se anviwon 57 pwen, èske sa vle di mwen pral jwenn yon sibvansyon ki pi gwo?

Non. Kantite lajan sibvansyon yo se kantite yo deja kalkile oswa kantite pa kazye pou chak metòd fonksyonman (kategori pwogram) jan yo eksplike sa nan Seksyon 2.3 RFA ki pale sou, Objektif ak Disponibilite Finansman, nan tablo ki gen tit "2022 Child Care Desert Grant Awards" la.

Kòmanse ak yon Pwogram Gadri

Kijan mwen kapab vin yon founisè sèvis gadri otorize oswa anrejistre nan Eta New York la?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kija pou vin yon founisè sèvis gadri, ale sou:

[Kijan pou ou kòmanse/ Oryantasyon nan kad Sèvis Gadri](#)

Pou pwogram ki ap aplike pou yo vin yon gadri NYC DOHMH selon Atik 47 la, kandida yo dwe suiv yon seyans oryantasyon anvan yo bay pèmi.

<https://a816-healthpsi.nyc.gov/OnlineRegistration/dohmh/DOHMHService.action>

Koche kaz ki toupre “Seyans Oryantasyon pou Gadri an Gwoup ak Kandete”, epi klike sou “Continue (Kontinye)” anba paj la anvan nou aplike pou jwenn yon nouvo pèmi.

Kikote mwen kapab jwenn asistans si mwen vle kòmanse ak yon pwogram gadri?

Aplikasyon ki bezwen asistans yo nan kòmanse ak pwogram sèvis gadri pou timoun yo kapab kontakte Biwo Rejyonal OCFS ki nan kote yo abite an (<https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/regional-offices.php>) oswa Resous ak Referans Lokal yo nan kad Sèvis Gadri pou Timoun (Child Care Resource and Referral, CCR&R) yo an ki gen eksperyans nan pwosesis jwenn lisans lan.

Aplikasyon yo kapab jwenn CCR&R lokal yo an la: <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php>

Founisè sèvis gadri nan Vil Nan Vil New York yo dwe ale sou sit entènèt Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene) la nan <http://www1.nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/children-and-adolescents-childcare.page>

oswa rele nan 311 epi mande pou: lisans pou founi sèvis gadri pou timoun

Ki dat ki prevwa pou nou ouvè apre yo fin anonse sibvansyon yo?

Tout pwogram yo dwe ouvè nan yon espas 120 jou apre lèt preparasyon pou sibvansyon yo te resevwa an. Pou yo kapab respekte tan sa ki, pwogram k pa aplike yo dwe soumèt tout dokiman ki obligatwa yo bay ajans ki ba yo lisans lan nan yon espas 60 jou preparasyon pou sibvansyon. Tout pwogram yo dwe reponn epi kontinye reponn ak tout egzijans pou jwenn otorizasyon pandan tout peryòd sibvansyon an, tankou kritè nimewo 1 an: pwogram lan ouvè epi ap fonksyone. Tanpri remake: Pwogram ki jwenn otorizasyon apre dat 30 septanm 2022 yo p ap resevwa tout yuit (8) pèman pa trimès yo. Se paske peryòd sibvansyon an ap fini nan dat 30 jen 2024 epi yo pa ka fè okenn pèman apre dat sa.

Èske mwen kapab itilize sibvansyon sa pou achte yon nouvo edifis oswa fè gwo reparasyon nan espas mwen deja ap fonksyone an?

Yo pa kapab itilize finansman pou renovasyon (reparasyon) oswa depans presipal tankou acha yon nouvo edifis. Pwogram k ap chèche asistans nan depans sa yo ta dwe kontakte Konsèy Rejyonal pou Devlopman Ekonomik Regional Economic Development Councils (REDCs) lokal yo an pou jwenn asistans. Nou dwe sonje pwogram gadri ki jwenn finansman anba kontwòl RFA yo dwe jwenn otorizasyon epi ap fonksyone nan yon espas 120 jou apre notifikasyon (lèt) preparasyon pou sibvansyon an.

Èske mwen kapab itilize sibvansyon an pou mwen fè rekritman mou pou pèsònèl?

Yo otorize depans pou rekritman moun pou pèsònèl. Pa egzanp, moun ki ap dirije pwogram lan kapab ofri yon prim pou rekritman apre kandida pou rekritman an fin pase etap fòmasyon an. Yo otorize ogmantasyon salè ak bonis konsèvasyon yo tou. Genyen plis enfòmasyon sou kijan founisè yo kapab itilize fon yo nan [Atachman 4 RFA1 an - Lis Depans ki Otorize yo.](#)